# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–02 अप्रैल 2025 भोजपुरी समाचार

संयुक्त संसदीय समिति के सिफारिसन के बाद वक्फ संसोधन विधेयक दुइ हजार चउबीस आजु चर्चा अउर पारित करे बदे लोकसभा में पेस कइल गइल। अल्पसंख्यक मामिलन के मंत्री किरेन रिजिजू विधेयक पेस करत कहलें कि येह विधयक से मुसलमानन के धारमिक रिवाज से कउनों लेना–देना नाही हौ। उहां के कहलीं कि ई खाली वक्फ बोर्ड से जुड़ल सम्पत्तियन से जुड़ल हौ।

***गवर्मेंट किसी भी धार्मिक व्यवस्था को, किसी भी रिलीजियस इंस्टीट्यूशन कोई धार्मिक काम में हस्तक्षेप करने नहीं जा रही है, ना ही वक्फ बोर्ड किसी धार्मिक स्थापित व्यवस्था में कोई भी तरीके से हाथ डालने का प्रावधान है। बिलकुल नहीं है, ये वक्फ बोर्ड का जो प्रावधान किसी मस्जिद, किसी मंदिर, किसी धार्मिक स्थल का व्यवस्था का कोई लेना–देना नहीं है। ये सिंपली एक प्रॉपटी का मैनेजमेंट का व्यवस्था है।***

श्री रिजिजू कहलें कि ई कानून मस्जिद के प्रबंधन बदे नाही हौ। उहां के विपक्ष पर विधेयक के लेके लोगिन के गुमराह कइले क आरोप लगवलीं। उहां के कहलीं कि संयुक्त संसदीय समिति के साथे साथ सरकारो कानून बनवले के समय हितधारकन के साथे पुरहर परामर्स कइलें रहल।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ दुइ दिन्न के दौरा पर बिहने बनारस पहुंचिहें। बनारस पहुंचले पर उहां के सबसे पहिले आवे वाला दस से तेरह अपरैल के बिच्चे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के संभावित दौरा के कार्यक्रम स्थल मेंहदीगंज में जनसभा स्थल क निरीक्षण करिहें। ऐकरे बाद उहां के सर्किट हाउस पहुंचि के जिले क कानून व्यवस्था क समीक्षा बइठकी में हिस्सा लीहें। बइठकी के बाद मुख्यमंत्री बाबा विश्वनाथ अउर काल भैरव मंदिर में दरसन पूजन करिहें।

**********

प्रदेस के सज्जों किसान बदे सासन के ओरि से फार्मर रजिस्ट्री करावे क आखिरी तारिख तीस अपरैल ले बढ़ा दिहल गइल हौ। कुशीनगर के कृषि उपनिदेशक आशिष कुमार बतउलें कि किसान आपन फार्मर रजिस्ट्री सहज जन सेवा केन्द्र चाहे त ओनके ग्राम पंचाइत में लगे वाला कैम्प में करा सकेलें। उहां के कहलीं कि फार्मर रजिस्ट्री नाही करावे वाला किसान प्रधानमंत्री किसान सम्मान निधि योजना के सथहीं अउरियों सरकारी योजनन क लाभ से वंचित हो सके ला ।

**********

चइत नवरातर के चउथा दिन्ने आजु मां आदिसक्ति क चउथा रूप माता कूष्मांडा अउर पचवां रूप स्कंदमाता क पूजा–अर्चना कइल जा रहल हौ। येह मौका पर प्रदेस के सज्जो सक्तिपीठ अउर देवी मंदिरन में भोरवें से सरधालुअन क भारी भीड़ि उमड़ल हौ। मिर्जापुर क प्रसिद्ध सक्तिपीठ विन्ध्याचल धाम अउर बलरामपुर के तुलसीपुर में प्रसिद्ध सक्तिपीठ देवीपाटन मंदिर में दरसन–पूजन बदे आजु भिन्नहियें से भक्तन क कतार लागल हौ। येह बिच्चे नवरातर क पंचिमी तिथि के मान्यता में नेपाल से आवे वाला बाबा रतननाथ क सोभाजतरा आजु देवीपाटन सक्तिपीठ पहुंचल, जहवां हजारों सरधालु जतरा क स्वागत कइलें। सोभाजतरा में नेपाल क धारमिक अउर लोककला क झांकी में भारत–नेपाल के सम्बन्ध के दरसावल गइल हौ।

नवरातर के चउथा दिन्ने महराजगंज के लेहड़ा माता मंदिर, गोरखुपर के कुसम्ही जंगल में बुढ़िया माई मंदिर अउर चौरीचौरा क तरकुलहा देवी मंदिरो में ढेरि संख्या में सरधालु दरसन–पूजन कइ रहल हवें। जौनपुर के मां शीतला चौकिया धाम में नवरातर क चउथा तिथि पर सरधालु भोग में मिठाई अउर फल के सथहीं मालपुओ चढ़वलें।

**********

रामनौमी मेला के देखत अजोध्या आवे वाले सरधालुअन क सुविधा अउर उनके स्वास्थ्य के देखत श्रीराम जनमभूमि तीर्थ क्षेत्र ट्रस्ट क महामंत्री चम्पत राय घाम से बचले क अपीलि कइले हवें। उहां के कहलीं कि आवे वाला दिन में गरमी बढ़ले क अनेसा हौ। येही नाते सरधालु घाम से बचले क उपाई कइ के घर से बहरे निकरें।

***अनुमानतः सत्तर से अस्सी हजार श्रद्धालु प्रतिदिन रामलला के दर्शन करने के लिये अयोध्या पधार रहे हैं। अयोध्या में तापमान बढ़ता जा रहा है। मेरा निवेदन है अपने साथ कंधे पर एक बैग एक छोटा झोला उसमें कोई एक ऐसा कपड़ा जरूर रखें, जिससे धूप से बचाव के लिये सर की रक्षा कर सके। अपने बैग में पानी की बॉटल अवस्य रखें। ओआरएस घोल की पैकिट रखिये।***

येह बिच्चे आजु अजोध्या में श्रीराम जनमभूमि मंदिर के सिखर क कलस पूजनों विधि–विधान से पूरा हो गइल।

**********

रामनौमी पर उत्तर प्रदेस राज्य सड़क परिवहन निगम अयोध्या बदे करीब एक सौ बीस बस चलाइ। येह में सबसे जियादे बस बस्ती अउर गोण्डा राहि पर चली। ई जनकारी परिवहन निगम अयोध्या के क्षेत्रीय प्रबंधक विमल राजन दिहलें उहां के बतउलीं कि आयोध्या धाम क साकेत पेट्रोल पम्प के ओवर ब्रिज के नीचे अस्थाई बस स्टापो बनावल जाइ। बस क जनकारी बदे यात्री कंट्रोल रूम क नंबर आठ सात दुइ छौ सुन्न सुन्न पांच एक एक पांच पर संपर्क कइ सके लें।

**********